



Pou Piblikasyon Imedya: 08/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INOGIRASYON ETABLISMAN POU FABRIKASYON  
PLUG POWER A KI KOUTE 55 MILYON DOLA NAN KONTE ALBANY**

***Konpayi an pran angajman pou li kreye plis pase 1,600 nouvo djòb vèt nan  
etablisman Slingerlands lan***

***Nouvo izin 350,000 pye kare a pral elaji liy sistèm selil kabiran idwojèn GenDrive  
konpayi an yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a inogirasyon pou nouvo etablisman fabrikasyon Plug Power a, ki sitiye nan Vista Technology Campus la nan Slingerlands, nan Konte Albany. Konpayi an pran angajman pou li kreye 1,633 nouvo djòb nan dènnye lokal Rejyon Kapital li a, sa ki konplete efò Eta New York ap fè nan direksyon enèji pwòp, renouvlab ak dirab. Nouvo lokal la sipòte efò konpayi an pou elaji siyifikativman liy sistèm selil kabiran GenDrive li yo, ke yo itilize pou alimante motè elektrik nan mache mobilite elektrik la.

"Administrasyon mwen an angaje nan pouswit agresif opòtinite devlopman ekonomik ki an akò ak objektif enèji pwòp yo k'ou menmen nan peyi nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.**

"Tranzisyon nou an nan enèji pwòp pa pral sèlman ede nou reponn ak chanjman klimatik ak pri sèvis piblik ki pi ba, li pral dinamize rekiperasyon ekonomik nou an epi kreye bon travay. Nou rekonesan dèske nou genyen Plug Power kòm yon patnè nan misyon nou pou vin sant nasyon an pou devlopman enèji vèt."

Yo pral itilize investisman 55 milyon dola sa a pou konstwi, òganize ak ekipe nouvo izin 350,000 pye kare Plug Power a pou ogmante pwodiksyon, depo ak sèvis liy GenDrive, ki ofri solisyon selil kabiran pou flòt kamyon elektrik ki egziste deja yo. Anplis de sa, konpayi an pran angajman pou li kreye 1,633 nouvo djòb, epi kenbe 701 lòt djòb nan Konte Albany, pou sipòte nouvo bezwen pwodiksyon enèji vèt li yo. Empire State Development (ESD) te dakò pou li bay jiska 45 milyon dola nan Kredi Enpo Green Excelsior Jobs ki baze sou pèfòmans pou ankouraje kreyasyon ak kenbe djòb vèt yo. Anplis de sa, Konsèy Administrasyon Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) la pral revize yon prim alokasyon enèji soti nan pwogram elektrik ReCharge NY NYPA nan pri ki ba nan reyinyon piblik li a nan fen mwa sa a.

**Andy Marsh, Direktè Egzekitif Jeneral Plug Power a, te deklare,** "Plug Power fyè pou li elaji rezo idwojèn vèt li a ak nouvo izin fabrikasyon nou an ki sitiye nan Konte Albany nan Eta New York, kote nou te fonde depi 25 ane pase. Nou rekonesan dèske eta New York nou an ap trase wout la nan inisyativ enèji pwòp, renouvlab ak dirab, epi solisyon idwojèn vèt Plug Power yo ka jwe yon wòl enpòtan konsa nan estrateji dekarbonizasyon konplè eta a. Mwen ta renmen remèsye ofisyèl eli nou yo ak patnè nou yo, tankou Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Sena Ameriken an Charles Schumer, Manm Kongrè Paul Tonko, Empire State Development, NYPA ak Konte Albany, pou sipò yo nan ede nou ogmante prezans nou nan New York epi kreye plis pase 1,600 nouvo djòb vèt nan dènnye lokal Rejyon Kapital nou an."

**Komisè pa Enterim ak Direktè Egzekitif ak PDG yo deziyen pou Empire State Development Ian, Hope Knight te deklare,** "Eta New York angaje nan yon avni renouvlab epi enèji vèt enpòtan anpil pou objektif sa a. Nou fyè de ekspansyon ak angajman Plug Power pran non sèlman pou kreye bon jan kalite djòb vèt atravè eta a, men tou pou angajman kontinyèl yo anvè Empire State pandan n ap kontinye ankouraje yon ekonomi vèt ak bati yon pi bon Eta New York pou jenerasyon k ap vini yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare,** "Plug Power ap kontinye fè avanse teknoloji idwojèn vèt nan lokal li yo atravè eta a pandan New York ap trase chemen an pou reyalize yon ekonomi enèji pwòp. Desizyon Plug Power pran pou elaji davantaj nan Konte Albany — kreye plis pase 1,600 djòb — se yon gwo ogmantasyon ekonomik pou rejyon an ak yon viktwa pou Eta a nan avanse objektif aksyon klimatik odasye li yo."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Dènnye ekspansyon estratejik Plug Power demontre lidèchip ak angajman kontinyèl yo pou devlope teknoloji ki enpòtan pou tranzisyon enèji pwòp la ak pou abòde chanjman klimatik la. Sistèm selil kabiran inovan yo ki pral fabrike nan Rejyon Kapital la sipòte efò Eta a ap fè pou redwi emisyon ki soti nan sektè transpò a epi fè avanse objektif Gouvènè Hochul k ap mennen nan peyi a pou diminye emisyon a 85 pousan disi mwatye syèk la."

Plug Power [te ouvri dènyèman](#) sant inovasyon selil kabiran idwojèn ki koute 125 milyon dola li a nan Konte Monroe ki pral kreye 380 djòb, epi li [te kòmanse konstriksyon](#) sou-pòs elektrik ak enstalasyon pwodiksyon kabiran idwojèn vèt dènnye kri ki koute 290 milyon dola nan Pak Syantifik, Teknolojik ak Fabrikasyon Avanse (Science, Technology and Advanced Manufacturing Park, STAMP) nan Jejyon Lwès New York nan Konte Genesee. Konpayi a, ki se premye lokatè nan pak fabrikasyon an, ap finanse tou konstriksyon yon sou-pòs elektrik 450 megawat sou sit la ki pral sipòte enstalasyon pwojeksyon idwojèn li an ak opòtinite kwasans alavni nan STAMP. An 2019, Plug Power te anonse plan yo pou etann prezans li nan Eta New York, nan investi 3.7 milyon dola pou etabli yon etablisman Asanblaj Elektwòd Manbràn (Membrane Electrode Assemblies) nan Pak Biznis Eastman (Eastman Business Park) Rochester a, sa ki ap kreye plis pase 80 nouvo djòb.

Dènnye investisman sa a ki soti nan Plug Power konplete rekonesans Gouvènè Hochul sou enpòtans idwojèn vèt nan estrateji dekarbonizasyon konplè Eta New York la. Nan Diskou sou Sitiyasyon Eta 2022 li a, Gouvènè Hochul te anonse ke Eta a pral antreprann plizyè aksyon dirèk pou sipòte devlopman idwojèn vèt ak investi nan kominote yo, tankou pouswiv finansman federal pou kreye yon sant idwojèn vèt ak konbine aktivite ki konsantre sou pwodiksyon ak konsomasyon an yon vizyon inik pou dekarbonizasyon. Anplis de sa, Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) la, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York, ak Ajans Rechèch ak Devlopman Enèji (New York State Energy Research and Development Agency) Eta New York pral devlope yon kad regilatwa an matyè idwojèn vèt pou mezire rediksyon emisyon ak avantaj sante epi yo pral evalye epi devlope kòd ak estanda pou asire operasyon an sekirite nan kad inisyativ idwojèn vèt yo.

Depi li te fonde an 1997 nan Konte Albany, Plug Power te kreye premye mache ki vyab komèsyalman an pou teknoloji selil kabiran idwojèn. Epi kòm rezilta, li te deplwaye plis pase 38,000 sistèm selil kabiran pou mobilite elektrik - plis pase nenpòt lòt konpayi nan monn lan - epi li te vini pi gwo achtè idwojèn likid, kote li te bati ak opere yon otwout idwojèn nan tout Amerik Dinò. Plug Power te anonse tou resaman yon patenarya avèk SK Group, youn nan prensipal gwoup biznis Sid Koreyen yo, pou akselere idwojèn kòm yon sous enèji altènatif nan mache azyatik yo. Atravè patenarya sa a, tou de konpayi yo gen entansyon bay sistèm selil kabiran idwojèn yo, estasyon pou alimante an idwojèn yo, ak aparèy elektwoliz nan mache koreyen an ak mache azyatik la an jeneral. Plug Power ap fè patenarya tou avèk dezyèm pi gwo fabrikasyon machin Ewòp lan, Renault Group peyi Lafrans pou pwodwi kamyon komèsyal ki alimante avèk selil kabiran.

Ajanda nasyonal sou klima Eta New York la se inisyativ sou klima ak enèji pwòp ki pi agresif nan peyi a, ki mande yon tranzisyon òdone epi ki ekite nan enèji pwòp ki kreye travay epi ki kontinye ankouraje yon ekonomi ekolojik pandan Eta New York ap retabli anba pandemi COVID-19 la. Enskri nan lalwa atravè Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominote (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a (ki se Lwa Klima a), New York sou chimen pou l akonpli objektif li atenn netralite kabòn nan tout nivo ekonomi an, ki gen ladan yon sektè elektrisite ki gen zewo-emisyon rive 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab rive 2030. Li chita sou investisman san presedan ke New York la te reyalize pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 21 milya dola nan 91 pwojè enèji renouvlab ki fèt sou gran echèl nan Eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 1.8 milya dola pou devlope enèji solè, plis pase 1 milya dola pou inisyativ transpò pwòp ak plis pase 1.2 milya dola nan angajman NY Green Bank yo.

Mete ansanm, investisman sa yo te pèmèt kenbe plis pase 150,000 travay nan sektè enèji pwòp la nan New York an 2019, yon kwasans 2,100% nan sektè enèji solè a ki distribiye depi 2011 ak yon angajman pou devlope 9,000 megawat enèji ewolyèn sou lanmè a disi 2035. Selon Lwa sou Klima a, New York pral apiye sou pwogrès sa a epi diminye emisyon gaz efè sè yo pou 85 pousan pa rapò ak nivo 1990 yo lè nou rive nan 2050. Lwa sou Klima a pral asire tou omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan,

nan avantaj ki genyen nan investisman nan enèji pwòp ale jwenn kominote defavorize yo epi fè pwogrè avanse nan direksyon sib efikasite enèji eta a pou lane 2025 la pou diminye konsomasyon enèji sou sit la pou 185 mil milya BTU (inite tèmik britanik) nan ekonomi enèji itilizasyon final.

**Senatè Charles Schumer te deklare,** "Kat ane pase, Direktè Egzekitif Jeneral Plug Power a, Andy Marsh, te di mwen ke si selil kabiran li yo te enkli nan Kredi Enpo Investisman Federal la, konpayi an t ap grandi rapidman. Li se yon nonm ki kenbe pawòl li. Ankouraje pa ITC a, Plug Power kontinye grandi a pa jeyan, ak plizyè milye nouvo djòb ak lòt ki deja nan orizon an. Mwen felisite konpayi an, Eta New York ak Konte Albany paske yo rekonèt ke avni Plug Power ta dwe isit la nan Rejyon Kapital la, kote yo te kòmanse epi yo deja grandi pou vin yon vrè jeneratè enèji ekonomik. Mwen pa ka tann pou m wè nouvo bilding sa a plen anplwaye".

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Plug Power se yon pyonye nan teknoloji selil kabiran idwojèn dènye modèl epi patenarya tankou sa a se kle pou asire ke New York rete yon lidè nan teknoloji vèt la. Investisman sa a pral kreye oswa kenbe plis pase 2,300 djòb nan Konte Albany epi ankouraje endepandans enèji Ameriken an nan yon moman enpòtan. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay ak Gouvènè Hochul ak Plug Power pou jwenn solisyon enèji pwòp pou New York ak odela."

**Reprezantan Paul Tonko te deklare,** "Mwen te wè pèsònèlman, atravè plizyè ane nan travay ak Plug Power, ke gen anpil bagay w ap genyen lè w investi nan teknoloji dènye kri enèji pwòp, soti nan kreye nouvo djòb, rive nan sekirize competitivite mondyal Etazini an, pou avanse nan direksyon dekarbonizasyon. Rejyon Kapital nou an se yon sant inovasyon epi — ak envestisman solid ki gen ladan sa yo detaye nan anons sa a — nou gen kapasite pou dirije nasyon an nan devlope fabrikasyon pwòp nan tan k ap vini an. Mwen remèsye Plug Power pou investisman odasye yo fè nan rejyon nou an ak Gouvènè Hochul pou lidèchip li k ap mennen nou nan enèji pwòp ak aksyon klimatik atravè Eta New York."

**Senatè Eta a, Neil Breslin, te deklare,** "Inogirasyon etablisman fabrikasyon Plug Power a nan Konte Albany se yon viktwa fòmidad pou Rejyon Kapital la, ak plizyè milye travay pèmanan yo planifye. Biznis 'idwojèn vèt' la pral ede eta a avanse epi atenn objektif enèji renouvlab ak dirab li yo."

**Manm Asanble Patricia Fahy te deklare,** "Rejyon Kapital New York la ap trase chemen an yon lòt fwa nan sa ki gen pou wè ak konstwi ekonomi vèt 21èm Syèk la. Atravè yon seri patenarya piblik-prive enpresyonan pou sipòte ak avanse kreyasyon plis pase 1,600 nouvo djòb vèt Plug Power yo nan nouvo sit fabrikasyon selil kabiran li a, Plug Power ap montre sa avni fabrikasyon ak yon ekonomi vèt vle di pou ekonomi New York la an jeneral. Pandan n ap chèche fè tranzisyon pou soti nan enfrastrikti nou an ki mache ak gaz fosil, konpayi tankou Plug Power pral jwe yon wòl kle nan kondwi tranzisyon sa a. Mwen felisite Plug Power paske li te investi kote li te kòmanse isit la nan Rejyon Kapital la epi mwen espere sipòte travay yo ak kwasans yo nan ane k ap vini yo."

**Manm Asanble John T. McDonald III, te deklare,** "Mwen kontan anpil pou mwen wè nouvo etablisman fabrikasyon Plug Power a ap kòmanse jodi a nan Konte Albany. Nouvo pwojè sa a se yon gwo viktwa pou ekonomi lokal nou an ak anviwonman nou an. Non sèlman li pral pote plis pase 1,000 nouvo djòb nan Rejyon Kapital la, men tou teknoloji dènye kri sa a pral ede mennen nan yon avni san kabòn."

**Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te deklare,** "Plug Power te gen opòtinite ak òf pou elaji nan yon kantite lòt eta; sepandan, gras ak efò nou yo nan konte a ak efò Gouvènè Hochul yo, lidè sa a nan endistri kabiran idwojèn lan ap vini nan Vista Tech Park. Sa a se youn nan investisman ki pi transfòmasyonèl nan Konte Albany ki pral mennen nan plis pase 1,600 djòb ki byen peye ak yon pewòl ki plis pase 300 milyon dola disi 2026. Inogirasyon sa a bati sou pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kot istorik nan Ports of Albany ak Coeymans k ap fè Rejyon Kapital la yon sant ke yo rekonèt nan nivo entènasyonal pou fabrikasyon enèji pwòp."

**Sipèvizè Vil Bethlehem lan, David VanLuven, te deklare,** "Lavni an vèt, epi avni vèt la isit la nan Bethlehem. Ekip planifikasyon ak jeni nou yo te travay sere ak reprezantan Vil New Scotland, Konte Albany, ak reprezantan Plug Power yo pou avanse pwojè a rapidman ak efikasman soti nan konsèp rive nan konstriksyon. Pwojè a se yon temwayaj apwòch ki favorab ak biznis ak angajman Bethlehem pou enèji pwòp, e nou espere li se jis kòmansman plis biznis vèt k ap vini."

**Sipèvizè Vil New Scotland lan, Douglas LaGrange, te deklare,** "Vil New Scotland alafwa kontan epi fyè pou li ede fasilite nouvo pwojè Plug Power enteresan sa a. Patenarya nou ak Eta New York, Konte Albany, Plug Power ak, espesyalman, Vil Bethlehem lan enkwayab. Ansanm, nou montre kijan plizyè nivo gouvènman, k ap travay kòt a kòt ak sektè prive a, kapab fè tout sa ki nesèsè pou pote travay, nouvo revni ak yon anviwonman pwòp pou jodi a ak pou lavni."

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Plug Power, ale sou <https://www.plugpower.com/>.

### **Enfòmasyon sou Empire State Development**

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo travay ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak minisipalite li yo, epi fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Lè yo itilize prè, sibvansyon, kredi taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon travay epi sipòte kominote pwospè yo toupatou nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal k ap kontwole Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Eta New York la ak komèsyalizasyon "I LOVE NY", mak touris anblematik Eta a. Pou jwenn plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, ale sou [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov) ak [www.esd.ny.gov](http://www.esd.ny.gov).

### **Enfòmasyon sou NYPA**

NYPA, ki se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 80 pousan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi Eta. Li finanse operasyon li yo apati obligasyon yo vann ak revni li resevwa an gran pati atravè elektrisite yo vann. Pou w jwenn plis enfòmasyon vizite [www.nypa.gov](http://www.nypa.gov) ak swiv nou [Twitter](#), [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418